22140643

International Baccalaureate® Baccalauréat International Bachillerato Internacional

**SHONA A: LITERATURE – STANDARD LEVEL – PAPER 1**
**SHONA A : LITTÉRATURE – NIVEAU MOYEN – ÉPREUVE 1**
**SHONA A: LITERATURA – NIVEL MEDIO – PRUEBA 1**

Friday 9 May 2014 (morning)
Vendredi 9 mai 2014 (matin)
Viernes 9 de mayo de 2014 (mañana)

1 hour 30 minutes / 1 heure 30 minutes / 1 hora 30 minutos

---

INSTRUCTIONS TO CANDIDATES

- Do not open this examination paper until instructed to do so.
- Write a guided literary analysis on one passage only. In your answer you must address both of the guiding questions provided.
- The maximum mark for this examination paper is *[20 marks]*.

INSTRUCTIONS DESTINÉES AUX CANDIDATS

- N'ouvrez pas cette épreuve avant d'y être autorisé(e).
- Rédigez une analyse littéraire dirigée d'un seul des passages. Les deux questions d'orientation fournies doivent être traitées dans votre réponse.
- Le nombre maximum de points pour cette épreuve d'examen est *[20 points]*.

INSTRUCCIONES PARA LOS ALUMNOS

- No abra esta prueba hasta que se lo autoricen.
- Escriba un análisis literario guiado sobre un solo pasaje. Debe abordar las dos preguntas de orientación en su respuesta.
- La puntuación máxima para esta prueba de examen es *[20 puntos]*.



© International Baccalaureate Organization 2014

*Nyora mhenenguro yendima* ***imwe*** *chete. Unosungirwa kushandisa mibvunzo miviri inoenderana nendima yawasarudaza kuumba mhenenguro yako.*

**1.**

"Muzukuru kufamba huona, misha yomuno ndinonyatsoiziva, kunoti iro raini rino, ihama dzose, ndingangoti kubvira Chanakira, iye uno Madende naZisusa ihama. Kunototi wava mberi kwaManyanda uko zvichienda, iyo misha yavatorwa. Asi ukandozoti kwavanaNyatsanga uko wese wawasangana naye muzukuru akatombosvika mumapurazi nekwanaPeakstone kumugodhi uku."

"Ndozvavava kuita vazhinji mazuvano"

"Izvo muzukuru, handirambidze, chinhu chimwe chete chandakaramba, muzukuru, kusvika pamba usiku. Apo, kwete, ndaramba."

"Zvakaipei, vasekuru?" Cephas akabvunza.

"Ini kubva pakavakwa bhawa iri, muzukuru, ndakaudza Mupawose ndikati, apa tavaka tsvukamuropa. Akanditi Gweje wava kurevei? Ini ndikati unoziva iyi itsvukamuropa, hapana panonwiwa doro pakashaya munhu anokanganwa kumba, hapanazve panonwiwa doro munhu akashaya kufungira mukadzi womunhu. Ipapao haana kupindura."

"Ndozvazvinoitaka, vasekuru."

"Chinzwa muzukuru, munhu akanwa doro anenge asisiri munhu. Kunwa doro kwakafanana nokuvhima shumba, muzukuru. Inwa doro uine wekwako. Kuenda kunorwisa shumba enda une wekwako. Yakugara matunduru vatorwa vanorova nhetete kukwira mumiti, pane wako munin'ina munofa mose."

"Mukati kudaro vesekuru."

"E, muzukuru, kana padoro iva newako anokudzora kana wave mhuka yesango."

"Ko ini zvandisinganwe doro?"

"Kutaura chete, muzukuru, hazviziikanwe. Ko, iko kuHarare kwawabva uri kubatei mazuva ano?"

"Hapana zvangu, vasekuru."

"Ko, kosi dziri kuita vamwe?"

"Ndichati ndoona, vasekuru."

"Nhai, kosi yakanaka muzukuru, asi basa randakachiva ndihwo umabharani neuturikiri. Umabharani unonunura vabereki pakutora zvitupa, unongonzwa, 'Sekuru mabva kure.' Kweru kweru, chitupa nde-e wotoenda. Uyewo routurikiri rine mari!"

"Nhai?"

"Asi pane ose mabasa ukaita bhiridha uri mambo chaiye. Aya ose ane vakuru vanoda kuona kuti wafamba sei. Zvino ukaita bhiridha uri murungu pachako. Ukaita tepu yako, tirawera nepurangamvura wapedza. Kungoti tepu yako ta-a, bhiridhe bhiridhe, wotosheedzera pondo mbiri. Handiti woenda wakanaka?"

"A, zvasekuru nhai."

"Ndiri kutaura chokwadi, muzukuru, guta haritevedzwe, munhu shandisa maoko ako. Ngatirumbidzei Zame, maoko edu ane basa guru. Zvokuswerofamba neguta wakatsvukisa ziso, muzukuru, hazvibatsire. Dziidza basa ramaoko. Wawana kashereni tenga bhoora, kashereni purangamvura, kashereni tirawero, kubvepo huku, gejo, mbudzi, waona mombe. Ukadaro muzukuru, ndingati uri munhu. Ndizvo zvinenge zvakanaka, muzukuru. Kwete zvokuti, shereni rawanikwa mudoro, rawanikwa muzviwitsi netumwe tunonaka, wakagara padombo kumirira zvisikana.

Mukanwa kabi segudo, kugara padombo unoti rugare here, muzukuru? Shereni rawanikawa rishandise kwazvo, kwete mudoro notumwe tunonaka. Handiti iwo masese anodutirwa kutenga kusvipa? Zvino zvowosvipa chinonhuwa chawambofombonorera apa chii? Kukudza muromo muzukuru kukanganisa, munhu ziva kuzvishaisa pane imwe nguva."

Gonzo H Musengezi, *Zvairwadza Vasara* (1984)

(a) Hurukuro iyi inobatsira sei kuti muverengi anzwisise unhu hwasekuru uye hwomumuzukuru?

(b) Ipa pfungwa dzako pamusoro pomutauro wasevenzeswa kuburikidza namaumbirwo aitwa ruremekedzo.

**2.**

**Haurovi Herina Shumbisa**

Nyoka dzenyu dzakaita masho Vhudzijena.
Dzakamedza katatu dzikasambosvisvina,
Ndokuzondisvisvina ini zai regondo,
Ndikazove dangwe norugotwe pamwe chete.

Padikidiki dzakanga dzandiita masho.
Ndakazvarwa ndichinzi ndiri gavamwedzi.
Vakandirongera guva regambe dema,
Kuti ndivigwe mugaringiro romubani.

Mapani ndiyo mizinda yavana vaduku,
Nokuti mvura ingarambe kuzoturuka.
Midzimu yakaramba ikanditavira,
Ndikazosvika pamumhu uno.

Ini ndakazonyanyisa kuita masho.
Ndiri huku yakararira zai pasina.
Handina mwana wamungasungire mbereko.
Ndakaramwa zvangu kukupai muzukuru.

Handina kuzvida zvangu zvokusunga imba.
Hamuna nhasi wamungagone kuchemedza.
Muchasvika seiko somudzimu kwandiri,
Zvapasina muzukuru angasvika nemi?

Svikai norumwe rudzi musarove zita.
Mukarova zita maita mufakaviri.
Kana nebira hamungafi makarinhuhwa
Mukutaurirana ndimi hatinganzwani.

Torai njere dzangu muite svikiro renyu.
Zvandisina mwana angave svikiro renyu.
Chemedzai urozvi hwangu mupembererwe,
Herina Shumbisa arege kurova.

Njere dzangu ndiye muzukuru wenyu mai.
Ndiye mwana wamungabereka kumusana.
Ndidzo dzoga dzamungati mwana womwana wangu.
Ndiro svikiro ramungazihwe naro pasi.

J C Kumbirai, *Mabvumira Enhetembo* (1969)

(a) Musoro wenhetembo wabatsirei kunzwisisa zvinotaurwa munhetembo?

(b) Ipa pfungwa dzako pamusoro pezvidavado zvomutauro zvasevenzeswa kuburitsa manzwiro anyanduri.